

Pou Piblikasyon Imedya: 8/7/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ESTASYON TREN ELMONT LAN, PREMYE
NOUVO ESTASYON LIRR ATANPLEN DEPI PRÈSKE 50 TAN**

Reprezantasyon Grafik Estasyon yo Disponib [La](#)

***Li Pibliye Nouvo [Analiz](#) ki Montre Redevlopman Belmont lan pral Jenere 725
Milyon Dola nan Randman Ekonomik Anyèl ak Prèske 50 Milyon Dola
nan Nouvo Revni Piblik***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Pwojè Redevlopman transfòmasyonèl Pak Belmont la (Belmont Park Redevelopment Project) k ap koute 1.26 milya dola a pral jwi avantaj yon estasyon tren Long Island Rail Road atanplen, k ap premye estasyon LIRR atanplen depi prèske 50 tan, sa k ap ede soulaje enkyetid blokis yo epi ofri yon nouvo enstalasyon pou kominote Elmont lan. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te pibliye yon [analiz](#) sou enpak ekonomik pwojè a, ki te jwenn ke nouvo estad, otèl ak vilaj magazen an pral jenere prèske 50 milyon dola nan nouvo revni piblik pa ane epi pwodui 725 milyon dola nan randman ekonomik anyèl.

"Pwojè Belmont lan pral ede estimile ekonomi rejyon an vè lavan pandan l ap konstwi ekip Islanders la yon etablisman modèn lakay yo nan Long Island, k ap kreye anpil milye djòb ak jenere anpil santèn milyon dola nan pwosesis la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a avèk premye estasyon tren atanplen LIRR depi prèske 50 tan y ap ajoute a, nou pral ofri anpil milyon vizitè ak fanatik yon fason rapid ak abòdab pou yo al la epi kontinye envestisman lidè nan nasyon New York ap fè yo nan enfrastrikti transpò 21èm Syèk yo."

"Nouvo estasyon Long Island Rail Road nan Elmont lan pral transfòme zòn lan, rann trajè al nan travay la pi fasil, epi ede redui blokis", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Yo atann pwojè Redevlopman Belmont lan, ke yon nouvo estasyon LIRR atanplen an ap ankouraje a, pral gen yon enpak ekonomik konsiderab epi yo prevwa l ap jenere prèske 50 milyon dola nan revni piblik anyèl. Estasyon sa a pral amelyore kalite lavi Nouyòkè yo epi revitalize kominote a, sa k ap ranfòse ekonomi Long Island lan an jeneral."

Ko-Pwopriyete Ekip Islanders la, Jon Ledecky te deklare, "Jodi a nou ap selebre avèk fanatik fidèl lokal nou yo epi mwen remèsye Gouvènè Cuomo, fonksyonè eli yo, ak kominote a pou sipò yo kontinye ban nou. Pwochen arè: Belmont!"

Pita jodi a, yo atann Konsèy Administratif Empire State Development lan (ESD) pral konsidere Deklarasyon Final sou Enpak Anviwònmanal (Final Environmental Impact Statement) pwojè a, sa k ap vanse pwojè a pi pwòch dènye pwosesis apwobasyon piblik la. Jiskaprezan, ESD te òganize 11 rankont piblik sou pwojè a, 20 Konsèy

Konsiltatif ak reyinyon enfòmasyon ak fonksyonè eli yo, ak 27 vizit sou sit la ak ti rankont. Efò angajman kominotè solid sa a te lakoz ESD chanje pwojè a lè yo retire 100 pye nan wotè maksimòm otèl la, sa k ap redui pati pwojè a ki konsène magazen yo soti 435,000 pye kare vin 350,000 pye kare, relokalize yon sou-estasyon PSEG yo planifye lwen yon lekòl lokal, ajoute yon nouvo estasyon LIRR pou soulaje enkyetid blokis yo, epi pran angajman pou yo renove pak Elmont yo.

Prezidan LIRR la, Philip Eng te deklare, "Nou vrèman kontan anpil pou plan sa a, k ap pèmèt nou ofri kominote Elmont lan sèvis atanplen pandan tout ane a ak yon dezyèm estasyon nan Pak Belmont yo redevlope a, epi n ap fè tout sa yo san konstriksyon an pap koute LIRR anyen. Nouvo estasyon sa a pral pèmèt nou ofri sèvis dirèk soti Long Island ansanm ak Vil New York al Belmont avèk tren yo k ap vwayaje sou Liy Prensipal nou an, kote y ap ajoute yon twazyèm ray pou ofri pi bon jan sèvis fyab ak fleksib. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Empire State Development, ak Patnè Estad New York yo (New York Arena Partners) pou vizyon yo ak angajman yo pran anvè transpò piblik".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la, Howard Zensky te deklare, "Nouvo estasyon tren sa a se prèv pozitif ki montre ke nou te tande kòmantè kominote nou an epi nou te pran mezi. Avèk trajè dirèk l ap ofri al nan Pak Belmont lan, estad Islanders la, otèl la, ak vilaj magazen an pral ankouraje menm plis Nouyòkè ak vizitè vin pase tan yo nan Long Island - sa k ap estimile ekonomi rejyonal la gras a anpil santèn milyon dola".

Nouvo Estasyon LIRR la

Nouvo estasyon tren an pral sitiye ant Queens Village ak estasyon Bellerose yo ki sou Liy Prensipal LIRR la, ki jis alès Cross Island Parkway. Sèvis navèt elektrik - yo deja planifye k ap vwayaje soti nan espas pakin ki nan Pak Belmont lan ale nan sit estad la - pral sèvi pasaje LIRR k ap vwayaje al nan tribin lan ak estad, otèl ak vilaj magazen yo planifye a. Anplis de sa, nouvo estasyon atanplen an pral retire presyon sou estasyon anbranchman Belmont ki la deja lè gen yon gran evènman tankou Belmont Stakes la epi ofri lòt opsyon doub yo vrèman bezwen si ta gen yon entèripsyon nan sèvis nan anbranchman an, jan sa te rive an 2018 la.

Sa k enpòtan ankò, nouvo estasyon an pral ofri sèvis dirèk soti alafwa alès ak alwès al nan Pak Belmont, kontrèman ak anbranchman LIRR la, ki ka sèlman ofri sèvis nan direksyon anvè lwès. Kounye a, olye nou fòse moun Long Island yo vin jis alès Belmont pou yo vwayaje pase kite Pak Belmont lan nal nan Estasyon Jamaica a, epi apresya transfere al pran yon tren ki fè mach aryè al nan anbranchman an, vwayajè k ap viv alès Belmont yo ki sou branch tren Hempstead, Oyster Bay, Port Jefferson ak Ronkonkoma yo pral gen yon trajè transpò piblik yon sèl chita dirèk al nan Pak Belmont. Sa pral redui tan vwayaj yo pi yo prevwa l ap ogmante kantite patisipan evènman yo ki itilize transpò piblik olye yo kondui, sa k ap redui blokis.

Anplis de opsyon transpò piblik regilye, atanplen k ap ale -vini nan Pak Belmont lan ak nouvo estad la, otèl la, ak vilaj magazen an, nouvo estasyon tren an pral sèvi tou kòm yon opsyon vwayaj adisyonèl pou rezidan zòn lan yo - yon bagay kominote a te bezwen depi anpil ane. Yo prevwa estasyon an pral resevwa sèvis apeprè chak trant

minit pandan peryòd ki gen plis anbouteyaj yo epi chak inèdtan pandan peryòd ki gen mwens anbouteyaj yo. Vwayajè yo ak patwon estad la yo pral pataje espas pakin ki onò sikwi otomobil Belmont lan, ki gen 2,860 espas.

Y ap toujou enkli modènizasyon yo te dakò pou yo fè avan nan anbranchman LIRR Belmont lan yo, ki gen ladan enstalasyon egijaj otomatik yo, nan kad pwojè a. Modènizasyon sa yo pral pèmèt tren k ap kite anbranchman an apre yon evènman sèvi estasyon ki sitiye alafwa alès ak alwès Belmont - sa k ap ofri patisipan yo yon lòt opsyon transpò piblik apre evènman yo.

Yo estime konstriksyon nouvo estasyon atanplen sou Liy Prensipal LIRR la ak modènizasyon y ap fè nan anbranchman ki la deja ap koute 105 milyon dola. Devlopè estad la yo pral peye 97 milyon dola - k ap 92 pousan pri total la - epi Eta pral investi 8 milyon dola.

Analiz Ekonomik

Daprè yon analiz Pwojè Redevlopman Belmont lan ke BJH Advisors te prepare, pwojè a pral favorize ekonomi rejyon an, kote l ap kreye apeprè 10,000 djòb konstriksyon ak 3,200 djòb pèmanan, sa k ap jenere prèske 50 milyon dola nan revni piblik chak ane, k ap kreye apeprè 725 milyon dola nan aktivite ekonomik anyèl epi jenere salè anyèl k ap apeprè 133 milyon dola pou anplwaye yo.

Avantaj ekonomik inik ki gen rapò ak konstriksyon nouvo estad, otèl, vilaj magazen an ak estasyon LIRR la gen ladan:

- 2 milya dola nan randman ekonomik total k ap soti nan konstriksyon.
- 6,900 djòb konstriksyon dirèk k ap peye yon salè 78,000 dola an mwayèn ak 3,100 djòb konstriksyon endirèk
- 707 milyon dola nan salè total k ap soti nan anplwa nan sektè konstriksyon an

Avantaj ekonomik ak avantaj fiskal anyèl kòmanse apati 2024 ki gen rapò ak operasyon estad la, otèl la, ak vilaj magazen an gen ladan:

- 725 milyon dola nan randman ekonomik anyèl total
- 750 djòb dirèk ak endirèk ki gen rapò ak estad la ak 2,450 djòb dirèk ak endirèk ki gen rapò ak otèl la, biwo a, espas kominotè a, ak vilaj magazen an
- 133 milyon dola nan salè dirèk ak endirèk pou anplwaye yo
- 44 milyon dola nan nouvo revni taks pou Konte Nassau, Eta New York, Vil Hempstead ak MTA
- 272 milyon dola ototal sou fòm peman PILOT pandan 49 ane k ap vini yo, ki gen ladan:
 - 154 milyon dola pou Distri Lekòl Elmont ak Sewanhaka
 - 103 millyon dola pou Konte Nassau
 - 15 milyon dola pou Distri Elmont Fire

An jeneral, pou chak 1.00 dola y ap investi nan lajan prive, y ap jenere yon lòt 1.40 dola nan aktivite ekonomik.

Pou w gade analiz konplè a, klike [la](#).

Reprezantan Gregory Meeks te deklare, "Pwojè Redevlopman Belmont lan pral transfòme yon tèren leta yo pa itilize pou l vin tounen yon motè ekonomik pou Long Island ak Queens - sa k ap kreye jòb alafwa nan kad konstriksyon yon nouvo estasyon LIRR, ak otèl la ak vilaj magazen an ki ka sèvi vizitè Belmont yo. Anons jodi a montre angajman New York pran pou l investi nan transpò piblik, epi nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap travay ansanm avè n pou fè pwojè sa a reyisi".

"Kòlèg mwen yo avèk mwen, nan travay ansanm ak lidè kominotè yo, te fè anpil efò pou nou enkli yon estasyon LIRR ki ofri sèvis konplè nan kad Pwojè Redevlopman Belmont lan paske nou te konprann ke siskè plan sa a alontèm ap depann de amelyorasyon konsiderab k ap fèt nan mwayen transpò k ap bay aksè a Pak Belmont ak zòn Queens Village-Elmont lan", **Senatè Leroy Comrie te deklare**. "Nouvo estasyon sa a pral non sèlman yon byenfè pou pwojè redevlopman an, sa ki pral kreye 10,000 djòb konstriksyon ak 3,200 djòb pèmanan, men tou l ap yon byenfè pou vwayajè k ap fè fas a kondisyon ankonbre nan estasyon Queens Village ak Bellerose yo ak anpil blokis sou Cross Island Parkway. Mwen ta renmen felisite Gouvènè Cuomo, MTA/LIRR, ESD ak pati konsène yo paske y ap kontinye pwouve ke New York rete yon eta kote yo ka antreprann gran pwojè devlopman ekonomik, ki konsidere opinyon pati prenan lokal yo."

Senatè Anna M. Kaplan te deklare, "Estasyon tren atanplen y ap ajoute ki pral sèvi Pak Belmont lan ak kominote ozalantou yo enpòtan anpil pou siksè pwojè redevlopman Belmont lan, epi se yon gwo viktwa pou elektè m yo ki pral resi gen yon arè sou Liy Prensipal LIRR la. Mwen rekonesan pou lidèchip tenas Gouvènè Cuomo nou an paske li tande vwa rezidan nou yo, epi paske l pwomouvwa adisyon estasyon sa a nan kad redevlopman Belmont lan".

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Tou nouvo estasyon tren sa a se yon eleman endispensab nan kad konplèks yo pwopoze nan Belmont lan paske l ofri yon altènatif ekolojik pou wout ki gen twòp anbouteyaj yo epi l ofri rezidan Elmont yo aksè a pwòp estasyon pa yo ke yo t ap chache depi byen lontan. Investisman sa k ap fèt nan enfrastrikti kle yo ap mezirab nan anplè li gras a potansyèl ekonomik ekstraòdinè ke pwojè sa a ka debloke pou Long Island. Mèsi Gouvènè Cuomo, pou angajman inebranlab ou pran anvè amelyorasyon ekonomi Long Island lan".

Manm Asanble Clyde Vanel te deklare, "Nou vrèman kontan anpil pou anons tren Long Island Rail Road atanplen Belmont lan. Kominote Zòn Lès Queens ak kominote Elmont lan te bezwen yon altènatif transpò depi byen lontan. Epiou, opòtinite ekonomik nan kominote a yo vrèman ankouraje nou".

Chèf Egzekitiv Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Ansanm ak rès nasyon ekip Islanders la, mwen vle pou ekip Islanders nou an gen yon tèren pèmanan, modèn nan Long Island. Antanke Chèf Egzekitiv Konte Nassau a, mwen te mete efò pou n sispann fè nou tounen yon 'Tè Non' kòm priyorite. Mwen konfyan ke pwojè sa a pral pote vrè avantaj alontèm pou moun Long Island yo. Ann di 'wi' pou travay, 'wi' pou opòtinite ekonomik, ak 'wi' pou nou kreye yon Long Island ki pral pwospere alavni".

"Antanke yon vil epi antanke yon rejyon, nou pap ka devlope si Long Island Railroad pa devlope ansanm avèk nou, kidonk, nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Eta New York paske yo tandè enkyetid rezidan nou yo lè yo pran premye etap pou enkli yon estasyon tren sèvis konplè ki pral sèvi kominote ozalantou zòn yo pwopoze pou Pak Belmont lan", **Sipèvizè Vil Hempstead la, Laura Gillen te deklare.** "Lokalite kote estasyon sa sitiye a gen yon enpòtans kapital, paske li esansyèl pou kominote nou yo jwenn aksè a opsyon tren nou ofri ki pi pre lakay anpil nan rezidan Hempstead yo pandan n ap soulaje blokis epi ogmante opòtinite ekonomik pou tout moun".

Kevin Law, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association lan te di, "Redevlopman Belmont lan pran estimile ekonomi nou an, ranfòse kominote nou yo, epi ede manm nou yo pwospere pandan l ap konstwi yon nouvo tèren pou ekip Islanders la epi investi nan transpò piblik. Pwojè sa a se yon viktwa pou biznis ak travayè Long Island yo, epi se yon viktwa pou ekonomi eta nou an".

Sandra Smith, ki se yon Lidè Kominotè Elmont ak Ko-Otè Plan Vizyon Elmont lan (Elmont Vision Plan), te deklare, "Pwojè sa a pral pote yon elan pou ekonomi nou an ak yon estasyon tren atanplen kominote nou an merite. Mesi Gouvènè Cuomo paske w pote devlopman ekonomik responsab ke Elmont te bezwen depi byen lontan ak yon nouvo opsyon transpò piblik -- ki se de pilye nan Plan Vizyon Elmont lan ke nou ap defann depi byen lontan. Envestisman sa yo k ap fèt nan kominote nou an pral pote randman pandan anpil ane k ap vini ankò".

Thomas J. Grech, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Queens lan, te deklare "Chanm Komès Queens lan konplètman an favè Pwojè Redevlopman Belmont lan, espesyalman jan sa konsène ak nan ason l ap benefisye anpil biznis nan Konte Queens. Anplis de a, nou paka tann pou n travay ak fonksyonè eli lokal yo nan kad reyalizasyon pwogram yo espesifikman konsevwa pou sipòte gwo biznis ak ti biznis nan zòn lan yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)